**दिन– रविवार** **दिनांक–19.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे भारत प्रखर वैज्ञानिक आओर नवोन्मेषी वैज्ञानिक सभक मददि सँ अंतरिक्ष प्रौद्योगिकी क्षेत्र मे नव मानदंड स्थापित कऽ रहल अछि। जाहि सँ भावी चुनौतिक समाधान होयत। श्री मोदी आइ आकाशवाणी सँ मन की बात कर्याक्रमक एक सय अठारहम कड़ी मे अंतरिक्षक क्षेत्र मे देशक हालहिं मे उपलब्धिक प्रशंसा कयलनि। श्री मोदी अंतरिक्ष क्षेत्र मे काज कऽ रहल बैंगलुरूक स्टार्ट–अप पिक्सलक प्रशंसा कयलनि जे देशक पहिल निजी उपग्रह पुंज–फायरफलाईक सफल प्रक्षेपण कयलक अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे ई सफलता आत्मनिर्भताक दिस एक पैघ डेग अछि। ओ अंतरिक्ष मे उपग्रहक डॉकिंग मे भेटल सफलताक संबंध मे जनौलनि जे ई तकनीक अंतरिक्ष केन्द्र के सामग्रीक आपूर्ति आओर अंतरिक्ष मे यात्री सभ के पठेबाक लेल पैघ है। प्रधानमंत्री जनौलनि जे भारत एहेन चारिम देश अछि जे ई सफलता हासिल कयलक अछि।

---

प्रधानमंत्री देशवासी सभ के पचहत्तरम गणतंत्र दिवसक सेहो अग्रीम शुभकामना देलनि अछि। ओ जनौलनि जे संविधान लागू भेलाक पचहत्तरम वर्षगांठ होयबाक कारण एहि वर्षक गणतंत्र दिवसक खास महत्व अछि। श्री मोदी बाबा साहेब अंबेदकर, डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद आओर डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी सहित संविधान सभाक सभ सदस्य के नमन कयलनि। ओ जनौलनि जे देशवासी सभ के ई पैघ–पैघ नेता सभक विचार सँ प्रेरणा लेबाक चाही। प्रधानमंत्री पच्चीस जनवरी कऽ मनाओल जायबला राष्ट्रीय मतदाता दिवसक महत्वक सेहो चर्चा कयलनि। देश मे निर्वाचन आयोगक स्थापना एहि दिन भेल छल। श्री मोदी जनौलनि जे संविधान निर्माता सभ संविधान मे चुनाव आयोग आओर लोकतंत्र मे लोक सभक हिस्सेदारीक बेस पैघ स्थान देलनि अछि, आओर निर्वाचन आयोगक भूमिका आओर योगदान बढ़ियाँ रहल अछि। श्री मोदी देश मे निष्पक्ष चुनाव करेबाक लेल निर्वाचन आयोगक प्रतिबद्धता आओर मतदान प्रक्रिया के आधुनिक बनेबाक लेल तकनीकक उपयोगक प्रशंसा कयलनि।

---

उत्तर प्रदेशक प्रयागराज मे चलि रहल कुंभ मेलाक संबंध मे प्रधानमंत्री जनौलनि जे ई समता– समरसताक एक असाधारण संगम अछि। ओ जनौलनि जे कुंभ विविधता मे एकताक उत्सव अछि आओर एहि बेर संगम पर जनसैलाव उमड़ि रहल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे कुंभक बीच अमीर–गरीब सभ एक भऽकऽ संगम मे डुबकी लगाबैत छथि आओर एहि तरहें ई एकताक महाकुंभ अछि। श्री मोदी जनौलनि जे कुंभ मे युवा सभ पैघ स्तर पर भाग लऽ रहल छथि आओर जखन युवा पीढ़ी अपन सभ्याताक संग गर्व सँ जुड़ि जायत छथि तऽ ओकर जड़ि आओरो मजगूत होयत अछि। प्रधानमंत्री मन की बात मे स्टार्ट–अप इंडिया कार्यक्रमक नओ वर्ष पूरा भेलाक चर्चा करैत जनौलनि जे ई कार्यक्रम पैघ शहर धरि सीमित नहि अछि आओर आधा सँ बेसी स्टार्ट–अप दोसर आओर तेसर श्रेणीक शहर सँ चलि रहल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे अपशिष्ट प्रबंधन, गैर–नवीकरणीय ऊर्जा, जैव प्रौद्योगिकी आओर लॉजिस्टिक्सक क्षेत्र मे पैघ संख्या मे स्टार्ट–अप सोझा आयल अछि।

———————————————————————

प्रयागराज मे चलि रहल महाकुंभक बीच सेहो श्रद्धालु सभ आकाशवाणी सँ प्रसारित प्रधानमंत्रीक मन की बात कार्यक्रम के सुनलनि। ई कार्यक्रम लौडिस्पीकरक माध्यम सँ प्रसारित कयल गेल। एम्हर, पटनाक बिहार प्रदेश भाजपा मुख्यालय मे सेहो मन की बात कार्यक्रमक प्रसारण कयल गेल। एहि मौका पर भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायवाल सहित पार्टीक कतेको पैघ–पैघ नेता सभ छलाह।

———————————————————————

सुपौल मे राष्ट्रीय आपदा मोचन बल एन.डी.आर.एफक नव निर्मित क्षेत्रीय प्रतिक्रिया केन्द्र आर.आर.सी काज करय लागल अछि। केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ आंध्रप्रदेशक वियजवाड़ा सँ विडियो कांफ्रेंस द्वारा ई केन्द्रक उद्घाटल कयलनि। ई केन्द्र के बनि गेलाक बाद आओर आनो–आन आपदाक काल लोकसभ के त्वरित मददि भेट सकत।

———————————————————————

कटिहार जिलाक अमदाबाद थानाक करीमुल्लापुर मे मजदूर सभ के लऽ जा रहल एक नाव गंगा नदी मे उनटि गेल। जाहि सँ तीन लोकक डुबि कऽ मृत्यु भऽ गेलनि। जिलाधिकारी मनेष कुमार मीणा जनौलनि जे नाव पर सतरह लोक सभ सवार छलाह। जाहि मे सँ चारि हेलि कऽ नदी सँ बाहर आबि गेलाह। जखनकि, चारि आन लोक सभ के स्थानीय लोक सभक मददि सँ सुरक्षित बाहर निकलल गेल। ओ जनौलनि जे सात लोक अखनहुं लापता छथि जिनक खोज–बीन लेल एस.डी.आर.एफक जवान के लगाओल गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार ई भेल नाव दुर्घटना मे मृतकक प्रति शोक जतौलनि अछि। मुख्यमंत्री मृतकक

परिजन के चारि–चारि लाख टाकाक अनुग्रह अनुदानक राशि देबाक लेल सेहो जनौलनि अछि।

———————————————————————

अखिल भारतीय पीठासीन अधिकारी सभक पचासीम सम्मेलन काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। ई सम्मेलनक उद्‌घाटन लोकसभा अध्यक्ष ओम बिडला करताह। आकाशवाणी सामाचार सँ गपशप मे बिहार विधानसभाक अध्यक्ष नंदकिशोर यादव ई जनतब देलनि। दू दिवसीय सम्मेलनक विषय अछि– **संवैधानिक मूल्य को मजबूत करने मे संसद और राज्य विधायी निकायों का योगदान।** एम्हर, पीठासीन अधिकारी सभक सम्मेलन सँ पहिने देशक विभिन्न विधान मंडलक सचिव सभक एकसैठम बैसार किछु कालक बाद पटना मे होयत। जेकर उद्‌घाटन लोकसभाक महासचिव उत्पल कुमार सिंह करताह।

———————————————————————

समाप्त